

DÈNYE NOUVÈL SOU PWOJÈ A

STATE ROAD (SR) 934/NE 79 STREET
ETID PWOJÈ DEVLOPMAN AK ANVIWÒNMAN (PD&E)

Soti nan lwès Pelican Harbor Drive rive nan lès Adventure Avenue
Miami-Dade County, Florida

NIMEWO JESYON FINANS
PWOJÈ A: 449007-1-22-01
EFFICIENT TRANSPORTATION
DECISION MAKING (ETDM)
NUMBER: 14484
BRIDGE ID: 870083 (WB),
870549 (EB), 870084 (WB),
870550 (EB)

REZIME

Biwo transpò nan Eta Florid (Florida Department of Transportation (FDOT)), Distri Sis, ap mennen yon Etid Pwojè Devlopman ak Anviwònman (PD&E) pou wout SR 934/NE 79 Street (John F. Kennedy Causeway) soti nan lwès Pelican Harbor Drive rive nan lès Adventure Avenue. Pwojè sa nan vil Miami ak North Bay Village nan Miami-Dade County.

Demach pou fè yon etid PD&E se yon demach fòmèl kote yo prepare kèk opsyon epi yo konpare yo pou yo kab wè kilès ladan yo ki ranpli kondisyon pwojè a pi byen, pandan opsyon sa a ap minimize efè l ap genyen sou kominote a, epi sou anviwònman an fizikman epi sou anviwònman natirèl la. Sa ki kle nan demach etid PD&E a se pataje ransèyman ak popilasyon an epi pran ransèyman nan men yo. Tout etid nou prepare yo fèt yon fason pou yo suiv egzijans Akò sou Politik Nasyonal anviwònman an ki pote non angle "National Environmental Policy Act (NEPA)".



AMELYORASYON PWOJÈ A

Rezon ki fè y ap fè etid sa a se pou evalye altènativ pou ranplase pon yo epi pou pale de pwoblèm ki genyen nan chapant pon ki deja la yo (de pè pon) sou wout SR 934/NE 79 Street (John F. Kennedy Causeway). Amelyorasyon yo nesèsè pou:



PWOBLÈM PON YO GENYEN

Yo te bati pon ki la yo depi nan kòmansman ane 70 yo epi yo detèmine chapant pon yo pa ann eta dapre kondisyon chak gwo poto ki kenbe pon an.



ANTRENI WOUT POU EVAKYE YO

SR 934/NE 79 Street se yon wout ki nan rezo wout evakasyon biwo "Florida Division of Emergency Management (FDEM) ak Miami-Dade County chwazi epi wout sa a jwe yon wòl enpòtan pou pèmèt machin pase ant kote anpil moun rete sou zile yo ak Miami lè gen evakasyon nan ka ijan.

ORÈ

Etid PD&E kòmans nan mwa out 2022 epi yo konte fini li nan mwa novanm 2024. Lè yo fin fè Etid PD&E a, y ap kòmans prepare plan desen sa yo chwazi a an 2025 epi yo anvizaje pou konstriksyon an kòmans an 2028 (yo kapab chanje orè a).

FINANSMAN

Biwo FDOT deja bay finansman ki soti nan Eta a ak sa ki soti nan Gouvènman federal la pou pwochen faz pwojè a, plan desen yo ak konstriksyon an. Yo te prepare devi preliminè pou konstriksyon an pandan yo t ap fè etid PD&E a epi y ap kontinye ajiste devi sa a pandan pwojè a ap vance.

VIN PATISIPE

Sa enpòtan anpil pou piblik la pran pa nan demach Etid PD&E a, epi nou ankouraje w kontinye pran pa nan aktivite yo pandan tout demach yo. FDOT ankouraje tout popilasyon an pran pa nan aktivite sa a san patipri pou kesyon ras, koulè, peyi kote yon moun soti, laj, sèks, relijyon yon moun, si yon moun gen yon andikap, si yon moun marye oubyen li pa marye. Pral gen plizyè opòtinite pou moun pran pa nan rankont piblik epi nan rankont endividyèl ak moun kle nan zòn nan. Se FDOT k ap fè evaliyasyon anviwònman an, kèk konsiltasyon, ak lòt travay lalwa egzijè pou pwojè sa a oubyen se li ki te fè yo dapre regleman 23 U.S.C. § 327 ak yon Pwotokòl d akò ki te fèt nan dat 26 me 2022, epi se Administrasyon sa a "Federal Highway Administration" ak FDOT ki te mete li ann aplikasyon.

KONTAK POU PWOJÈ A

MANADJÈ PWOJÈ NAN FDOT


Paola Martinez, P.E.
Departamento de Transporte de Florida – Distrito VII
1000 NW 111 Avenue
Miami, FL 33172
Telefòn: (305) 470-5210
paola.martinez@dot.state.fl.us

TCHEKE SIT WÈB SA A:
southflroads.com/79thstreetbridgespdestudy



@MyFDOT_Miami
@MyFDOTMiami





ALTÈNATIV YO PWOPOZE YO

STATE ROAD (SR) 934/NE 79 STREET
ETID PWOJÈ DEVLOPMAN AK ANVIWÒNMAN (PD&E)

Soti nan lwès Pelican Harbor Drive rive nan lès Adventure Avenue
Miami-Dade County, Florida

NIMEWO JESYON FINANS PWOJÈ
A: 449007-1-22-01 EFFICIENT
TRANSPORTATION DECISION
MAKING (ETDM) NUMBER: 14484
BRIDGE ID: 870083 (WB), 870549
(EB), 870084 (WB),
870550 (EB)

KI ALTÈNATIV YO TE KONSIDERE?

Nan kad devlopman altènativ PD& a, yo te evalye plizyè altènativ pou adrese pwoblèm pon ki la yo. Yo te evalye altènativ yo pou wè si yo ranpli kondisyon pou rezon y ap fè pwojè a ak sa pwojè a bezwen epi pou efè yo kab fè lè y ap bati a epi sou anviwònman natirèl la. Pami altènativ yo evalye yo yo gade posiblite pou yo pa bati anyen, ti reparasyon ak gwo reparasyon, Jesyon sistèm transpò ak Jan yo mache (TSM&O), epi ranplase pon yo nèt.



► PA BATI ANYEN

Altènativ pou Pa bati anyen oswa Pa fè anyen p ap pote okenn amelyorasyon pou pon ki deja la yo apa de antretyen yo abitye fè yo. Avantaj pou yo Pa bati anyen se difèt pa p gen okenn efè sou anviwònman an epi pa p gen okenn deranjman akòz travay konstriksyon; sepandan, altènativ pou pa bati anyen an p ap adrese pwoblèm nan chapant pon yo epi pon yo ap kontinye vin nan pi move kondisyon. Malgre altènativ pou pa bati anyen an pa ranpli kondisyon pou sa pwojè a mande yo, enfòmasyon an va sèvi kòm done de baz pou nou kab mezire efè altènativ pou nou bati.

► AMENAJMAN PON - ALTÈNATIV 1A (MINIM) AK 1B (ANPIL)


Yo te pran an konsiderasyon ti reparasyon ak gran reparasyon. Nan reparasyon pon ki la deja a, gen pri mendèv la, ranfòse epi ranplase kèk pati nan pon an lè sa nesese. Dapre evaliyasyon ti reparasyon ak gran reparasyon yo, yo te detèmine altènativ 1A ak 1B se pa t altènativ ki pratik. Solisyon pou repare pon yo pa p byen adrese pwoblèm pon yo alontèm, pon an t ap toujou an move kondisyon jeyometrik, epi depans pou reparasyon ak antretyen pon yo t ap vin plis pase avantaj sa t ap ofri ak valè tan sèvis pon an ka bay.

► ALTÈNATIV TSM&O

Altènativ TSM&O yo gen aktivite ki fèt pou esplwate itilizasyon ak kapasite sistèm transpò ki deja egziste nan fè kèk ti amelyorasyon. Nan estrateji sa yo kab genyen elajisman kafou yo, amelyorasyon nan limyè siyal yo ak pankad yo, ak wout pou bekàn ak pyeton pase. Avantaj altènativ sa a se jan sa pa mande gwo depans ak efè minim sou anviwònman an. Pandan nou te ka reyalize kèk ogmantasyon efikasite akòz kèk ti chanjman, sa pa t ap reyalize objektif yo tabli nan pwojè a.

► RANPLASE PON YO - ALTÈNATIV 2A AK 2B

Y ap analize altènativ pou ranplase 2 pon kounye a. Tou de altènativ yo se pou menm seksyon pon an (foto a sou bò dwat la). Altènativ 2A pou ranplase pon yo ta ranplase 4 pon ki la deja yo ak yon konstriksyon ki gen 2 pon chak ki enstale nan menm wotè vètikal sou bè Biscayne nan ki menm ak wotè pon ki la deja yo. Pou Altènativ 2A, seksyon tipik sa a pral sou de nouvo estrikti epi wotè vètikal la ap menm ak wotè pon ki deja la a pou evite chanjman sou pwopriyete ki pre pon an ak antre remiz machin ki pre pon an. Altènativ 2B ta ranplase kat pon ki deja la yo ak 2 estrikti epi yo ta p monte wotè a sou plan vètikal a 7 pye sou Bè Biscayne nan. Pou Altènativ 2B a, y ap monte wotè pon an pou ranpli kritè akòz nivo wotè lanmè a ki kab monte a; sepandan, y ap oblije rebati oswa bati mi ki la pou kore pon an ni sou bò lès ni sou bò lwès limit pon an.




Pwofil Altènativ 2A

Pwofil ki menm ak sa ki deja la a (Minimòm wotè vètikal 3')

Pwofil Altènativ 2B

Pwofil yo ogmante pou ranpli kondisyon ki la kounye a mande pou yo rebati antre remiz kay moun epi bati Mi pou ranfòse pon an (Minimòm wotè vètikal 7')



Pwofil Altènativ 2A
(Minimòm wotè vètikal 3')

Pwofil Altènativ 2B
(Minimòm wotè vètikal 7')